

INEGALITE RASYAL NAN ZAFÈ LOJMAN

Depi lontan inegalite rasyal se bagay ki kouran nan zafè lojman, sa te kòmanse atravè politik piblik tankou liy wouj, segregasyon, abi nan kesyon prete lajan, ak eskizyon nan New Deal la ak G.I. Bill. Rezilta pratik diskriminatwa sa yo rive byen lwen e yo kontinye alimante kriz lojman ki egziste kounye a.

Lig Nasyonal pou Vil yo mete aksan sou senk nan fason politik rasis sa yo kontinye gen enpak sou ameriken nwa yo jodi a:

- An mwayèn, kay ki nan katye nwa yo sou evalye ak prèske \$50,000 diferans
- Moun nwa yo gen plis chans pase blan yo pou lajan yo touche rete nan nivo povrete a oswa pi ba pase revni mwayen nan zòn nan.
- Fanm nwa ki pa touche gwo lajan yo gen anpil responsablite depans epi yo fè fas ak pi gwo pousantaj ekspilsyon yo.
- Ameriken nwa yo reprezante 13% nan popilasyon jeneral la men plis pase 40% nan popilasyon moun ki pa gen kay, ki sanzabri.
- Nan ane 2020, to chomaj moun nwa yo te prèske 44% pi wo pase to chomaj blan yo.



Politik pou Chanjman

1. Ankouraje pi gwo aksè pou kominote moun nwa yo ka pwopriyetè kay: Nou ka akonpli sa lè nou defann pi gwo aksè ak èd jwenn pou pèman alavans, agrandi aksè ak kredi abòdab epi defann opòtinite pou moun kominote nwa yo gen aksè pou yo pwopriyetè.
2. Mete yon fen nan kontinyasyon segregasyon an.
3. Sipòte devlopman lojman pou lokasyon abòdab: Ogmante disponiblite bon an ka rapidman soulaje fado pri lojman pou plizyè santèn milye lokatè nwa. Se poutèt sa investisman piblik nan rann lokasyon abòdab yo esansyèl pou lite kont pri enjis yo ak enstabilite lojman fanmi nwa yo ap fè fas.

Sant Lojman Ekitab Connecticut se yon òganizasyon ki pa travay pou lajan k ap fè demach pou asire tout moun gen aksè egal pou jwenn opòtinite lojman, san diskriminasyon.

Si w te fè eksperyans diskriminasyon pou lojman, fè yon rapò sou sa! Kontakte Sant Lojman Ekitab Connecticut!



(860) 247-4400 | (888) 247-4401
info@ctfairhousing.org
www.ctfairhousing.org

